**РЕЗЮМЕ**

Физическое воспитание и спорт в школьной программе являются решающим фактором развития физических качеств, а также обеспечения физической активности подрастающего поколения [1]. Это заслуживающая внимания предметная область для обучения и участия, которая помогает ученикам стать компетентными в движении, укрепляет уверенность в себе и закладывает основу для участия в физической активности на протяжении всей жизни. Более того, физическое воспитание и спорт могут во многих отношениях внести важный вклад в образование и развитие детей. Для большинства детей школа представляет собой естественную среду для физической активности на протяжении всей программы физического воспитания и спорта. Поскольку занятия физкультурой и спортом хорошо представлены, ежедневное участие в таких занятиях связано с улучшением качества жизни, может снизить вероятность различных заболеваний, а также дает множество психологических и эмоциональных преимуществ [2]. Исследователи предположили, что физическое воспитание и спорт могут улучшить успеваемость за счет увеличения притока крови к мозгу, улучшения настроения, повышения умственной активности и повышения самооценки. Поскольку это явное свидетельство того, что физическое воспитание и спорт могут оказывать положительное влияние на психологическое благополучие школьников, в этой статье рассматриваются движения и действия, которые оказывают глубокое влияние на здоровье учеников, поступающих в общеобразовательные средние школы.

**SUMMARY**

Physical education and sports in school curriculum are the decisive factor for the development of physical qualities as well as the provision of physical activity in young generation [1]. It is a noteworthy subject area for learning and engaging in, and helps pupils become competent movers, builds self-confidence and lays a foundation for participation in lifetime physical activity. Moreover, physical education and sport have the potential to make momentous contributions to the education and development of children in many ways. For the most children, school constitutes the natural environment for being physically active throughout the physical education and sport program. As the physical education and sport activities are well introduced, daily participation in such activities is associated with a better quality of life, can lessen the possibility of a variety of different diseases, and also plenty of psychological and emotional benefits [2]. Researchers have suggested that physical education and sport can enhance academic performance by increasing blood flow to the brain, enhancing mood, increasing mental alertness, and improving self-esteem. Since it is clear evidence that physical education and sport can have a positive impact on the psychological well-being of schoolchildren, this article covers movement and action activities that have a profound impact upon pupils' health who enrol in general secondary schools.

# ГЕОГРАФИЯ САБАҚЛАРЫН ИННОВАЦИЯЛЫҚ ТЕХНОЛОГИЯЛАРДАН ПАЙДАЛАНЫП ОҚЫТЫЎДЫҢ ӘҲМИЙЕТИ

**Г.Ө.Жиемуратова –** *аға оқытыўшы*

*Қарақалпақстан республикасы Халық билимлендириў хызметкерлерин қайта таярлаў ҳәм олардың қәнигелигин арттырыў аймақлық орайы*

**Таянч сўзлар:** инновация, педагогик технология, чайнворд, креатив, таълим.

**Ключевые слова:** инновация, педагогическая технология, чайнворд, креатив, образование.

**Key words:** innovation,pedagogical technology, chain word, creative, education.

Бүгинги күни илим ҳәм техниканың тез пәт пенен раўажланыўы инновациялық технологияларды өзлестириў менен байланыслы болған жаңа социал-экономикалық, сиясый-мәдений өзгерислерди келтирип шығармақта. Бундай өзгерислер глобалласыў шараятында барлық тараўларда күшли бәсекелесиў орталығын жаратып, белгили дәрежеде тәлим тараўында салыстырмалы жаңа талапларды қоймақта. Билимлендириў тараўындағы бул талаплар шахсты раўажландырыўдың тийкарғы бағдарлары: өз бетинше пикирлеў ҳәм дөретиўшилик сыпатларын қәлиплестириў, шахсый ҳәм социаллық активлигин асырыў, креатив пикирлеў ҳәм өз интеллектуал мүмкиншиликлерине исеним сезимин раўажландырыўда айрықша актуаллыққа ийе. Себеби, Президентимиз Ш.М.Мирзиёев «Тәлим ҳәм тәрбия, илим-пән, ден саўлықты сақлаў, мәдeният ҳәм көкем-өнер, спортты раўажландырыў мәселелери, жасларымыздың терең билимге ийе болыўы, шет тиллерди ҳәм заманагөй хабар-коммуникациялық технологияларды пухта ийелеўин тәмийинлеў барлық ўақытта баслы ўазыйпамыз болып қалады»-деп атап көрсеткен еди[1].

Улыўма орта билим бериў мектеплериндеги билимлендириўдиң мақсети-оқыўшылардың билиў қәбилетин раўажландырыў, алған билимлерин келешектеги турмысында әмелиятта пайдалана алыўды үйретиў. Сонлықтан да, оқытыў процесинде оқыўшыларға тек ғана билимлерди берип барыў емес бәлким алған билимлерин үзликсиз рәўиште раўажландырып барыў зәрүр. Бул билимлерди раўажландырыў ушын инновациялық технологиялардың әҳмийети жүдә үлкен. Инновациялық технологиялар арқалы оқыўшылар алған теориялық билимлерин әмелиятта пайдаланыў имканиятына нәтийжелирек ерисе алады. Сабақ процесинде инновациялық технологиялардан пайдаланыў арқалы оқыўшылардың мәмлекетлик билимлендириў стандарты талапларын толық өзлестириўине, соның менен бирге тәлим сыпатының асыўын да тәмийинлей алады. Себеби, бүгинги күни оқыўшыларда мәмлекетлик билимлендириў стандарты талаплары ҳәм оқыў дәстүринде белгиленген билим, көнликпе ҳәм уқыплылық компетенцияларын қәлиплестириў, креатив сын көзқараста пикирлеў, кәсипти дурыс таңлаўға үйретиў ең дәслеп оқытыўшының искерлиги нәтийжелерине байланыслы. Сонлықтан да, улыўма орта билим бериў мектеплерине қойылып атырған талаплардың бири- жоқары қәнигели, өз тараўының билимданы болған оқытыўшылар базасын қәлиплестириў менен бирге методологияның дурыс шөлкемлестирилиўи, таңланған технология ҳәм методлардың темаларға сайлығын тәмийинлеў. Ҳәр қандай педагогикалық технологиялар ҳәм методлардың нәтийжелилиги оны пайдаланып атырған оқытыўшының дөретиўшилик ҳәм кәсиплик шеберлигине байланыслы. Сабақ берип атырған оқытыўшының кәсиплик шеберлиги оқыўшылардың жасы ҳәм билим дәрежеси, қызығыўшылығы ҳәм бар имканиятларын итибарға алған ҳалда дурыс түсинилген методларды таңлағанында ҳәм әмелиятта қолланғанында гөзленген педагогикалық мақсетке ерисиў имканиятына байланыслы. Инновациялық технологиялардан пайдаланыў билимлендириў процесине бир қанша ўақыттан берли кирип келген болса да ҳәзирги күнге шекем оқытыўшылар «интерактив методлар» менен «технология» түсиниклерин дурыс ажырата алмайды. Мысалы, ис-тәжирийбемизден келип айтатуғын болсақ, Сиз қандай технологияларды билесиз? деген сораў арқалы усыныс етилсе оқытыўшылар ең көп «ақлый ҳүжим», «кластер», «ПСМУ» ҳәм басқа технологиялардан пайдаланаман деп жуўап береди. Биз мектеп оқытыўшыларын бул түсиниклерге елеге шекем анықлық киргизип түсинип алмағанлығы ушын айыплай алмаймыз. Себеби, бүгинги күнге шекем педагогикалық технологияға тийисли методикалық әдебиятлардың көпшилик мектеп оқытыўшыларына

жетиспеўшилиги, пайдаланыў имканиятының жоқлығы, ҳәттеки, имканияты барлары да қосымша методикалық жәрдем ретинде пайдаланбаўын көриўимизге болады. Соның менен бирге, бар болған педагогикалық технологияға тийисли әдебиятларда «интерактив метод» түсинигиниң орнына «технология» сөзин қойып ислетиў жағдайлары да көп ушырайды. Усы әдебиятлардағы мағлыўматлардан пайдаланыў арқалы да оқытыўшылар қәтеликлерге жол қояды. Бул түсиниклерге анықлық киргизип, толық түсинип алыўы ушын оқытыўшыларға машқалалар туўғызады деп ойлайман. «Улыўма орта билим бериў мектеплеринде география пәнин оқытыў методикасы» методикалық қолланбасында «методика» ҳәм «технология» түсиниклериниң парықлы тәреплерин әпиўайы усылда көрсетип баҳалы мағлыўматларды берип өткен. Методика оқыў процесин қандай тәризде шөлкемлестириў кереклигин нәзерде тутса, технология қайсы бир мәнисте оқыў процесин ең қолайлы жол менен әмелге асырыўға дыққат итибарды қаратады[2]. Солай екен, технология-оқыўшыны ҳәр тәреплеме раўажландырыўдың тийкарғы бууыны.

Ҳәзирги күни улыўма орта билим бериў мектеплеринде педагогикалық технологияларды қолланған ҳалда географияны оқытыў процесине жаңаша көзқарастан қараў ҳәм шахсты қәлиплестириўдиң психологиялық механизмлерин өзлестириў, жақсы нәтийжелерге ерисиў мүмкинлигин көрсек болады. 6-классларда материклер ҳәм океанлар тәбийий географиясы пәни тийкарғы пән сыпатында оқытылады. Бул пәнди үйрениў барысында оқыўшыларға алдынғы курсларда алған билимлерине таянған ҳалда материклердиң тәбийий географиялық шараятларын (географиялық орны,тәбият компенентлери, тәбийий ресурслары), халқы, инсанлардың хожалық искерлиги, материклердеги мәмлекетлердиң жайласыўы ҳаққындағы дәслепки билимлерин қәлиплестириўден ибарат. Оқыўшыларда бул билимлерди қәлиплестириў ушын билимлендириў системасына кеңнен енгизилген оқытыўдың интерактив методлардан пайдаланыў үлкен әҳмийетке ийе. Себеби интерактив методлар арқалы оқыўшылар үйренип атырған билимлерин аңсат өзлестириўине, тәбийий географиялық нызамлылықларға еркин түрде өз мүнәсибетин билдириўге, мағлыўматларды салыстырып, тереңирек үйрениўге жәрдем береди.

Оқыўшылардың бул жастағы дәўиринде билим бериўде тийкарғы географиялық түсиниклерди қәлиплестириўде тема мазмунына сай, әпиўайы бирақ нәтийже беретуғын методларды оқытыўшы дурыс таңлап пайдаланыўы мақсетке муўапық есапланады.

Дурыс-надурыс шынығыўы оқыўшылардың географиялық билимлерди әпиўайы тәризде ийелеўине имканият жаратады. Оқыўшылар бул шынығыў даўамында пикирлерди салыстырады, берилген мағлыўматлар бойынша пикирлейди ҳәм дурыс-надурыслығын таңлап өз нәтийжесин баҳалай алыў көнликпеси пайда болады. Бул шынығыўды материклер ҳәм океанлар тәбийий географиясы курсында көпшилик темаларда пайдаланыўымызға болады. Бул шынығыўды әмелге асырыў ушын оқытыўшы тәрепинен тема мазмунынан келип шыққан ҳалда дурыс-надурыс мағлыўматлар таярланады ҳәм төмендеги үлгидеги кестеде оқыўшыларға тапсырма бериледи.

**8-&. Гидросфера. Оның қурамлық бөлимлери**

| | Мағлыўматлар | Дурыс | Надурыс |
|---|---|---|---|
| 1 | Океан сууларының тийкарғы өзгешелиги дузлылығы ҳәм температурасында болады | | |
| 2 | Океанлар материклердиң климатына тәсир жасамайды | | |
| 3 | Дәрьялардың тығызлығы,көп суўлылығы климатқа ҳәм рельефке байланыслы болады | | |
| 4 | Суў сақлағышлар тек ғана балықларды аўлаў ушын қурылады | | |
| 5 | Музлықларды тек ғана Антарктида да көриўимиз мүмкин | | |
| 6 | Океан суўлары дузлы болғанлығы ушын музламайды | | |
| 7 | Таў музлықлары қар сызығынан жоқарыда пайда болады | | |
| 8 | Магматикалық өзгешеликке ийе болған гейзерлер жер асты суўларына киреди | | |

Дурыс-надурыс шынығыўды оқытыўшы сабақтың қәлеген басқышында пайдаланса болады. Шынығыў арқалы оқыўшылар тийкарғы мағлыўматларға итибар қаратады, анализлейди ҳәм есте сақлап қалады.

**Чайнворд методы**-оқыўшылардың өтилген темалар бойынша ийелеген теориялық билимлерин әмелиятта беккемлеўге жәрдем береди. Бул метод арқалы оқыўшылар өз бетинше излениўге, сабақлық пенен ислесиўге ҳәм мағлыўматларды өзи излеп табыўға үйретеди. Бул методты әмелге асырыў ушын төмендегише пайдаланыўымыз мүмкин.

**7-&. Материклер ҳәм океанлардың пайда болыўы ҳәм раўажланыўы**

| Сораўлар | Жуўаплары |
|---|---|
| Жер ҳәм литосфералардың пайда болыўы қуяш системасы ҳәм жер жүзиндеги ҳәрекетленип атырған шаң тәризли бөлекшелердиң ҳәрекетлениўинен пайда болады | Декарт Кант-Лаплас гипотезасы |
| Континентлер суў бетинде жүзип жүрген терек жапырақлары сыяқлы бир-бирине жақынласып яки узақласып әсте ҳәрекетте болады. Бул кимниң пикири? | Абу Райхан Беруний |
| «Литосфера плиталары ҳәр түрли тәрепке ҳәр қыйлы тезликте ҳәрекетленип атырғанын ҳәм буған себеп жоқары мантия ҳәм астеносфера қатламындағы затлардың күшли ҳәркети себеп болады. Бул гипотеза не деп аталады? | Жаңа мобилизм |
| Атлантика океанына тутасқан Қубла Америка ҳәм Африканың бир-бирине сәйкес келиўине тийкарланып, өз гипотезасын жаратқан илимпаз ким? | А.Вегенер |

Бул методты оқытыўшы сабақ процесинде таза теманы түсиндириў барысында оқыўшыларға жуплықларда яки сабақтың әмелият басқышында (таза теманы беккемлеўде) топарларда тапсырма қылып бериўине болады ҳәм жақсы нәтийжеге ериседи.

Солай етип, ҳәр бир пән оқытыўшысы өзиниң педагогикалық искерлигинде педагогикалық технологияларды қолланыўды жолға қойыўы менен оның кәсиплик шеберлиги артып бара береди. Бул болса, өз гезегинде,

оқыўшыларға берилетуғын билимниң сыпаты артып оларды пәнге болған қызығыўшылығын арттырып барыўына тийкар жаратады. Соның менен бирге, оқыўшының билимге болған қызығыўшылығын арттырып, олардың ҳәрекетлерин раўажландырады.

Жуўмақлап айтатуғын болсақ, бүгинги күни оқыўшыларға тереңирек билим бериў ушын, оқытыўшының заман талаплары дәрежесинде билимге ийе болыўы, билимлендириў тараўына енгизилген педагогикалық технологиялар тийкарында теориялық билимлер менен бирге әмелий көнликпелерге ийе болыўы мақсетке муўапық деп есаплаймыз.

**Әдебиятлар**


1. Мирзиёев Ш.М. «Қонун устуворлиги ва инсон манфаатларини таъминлаш-юрт тараққиёти ва халқ фаровонлиги гарови» мавзусидаги Ўзбекистон Республикаси Конститутцияси қабул қилинганининг 24 йиллигига бағишланган тантанали маросимидаги маърузаси.-Т.: «Ўзбекистон», 2017.
2. Умумий ўрта таълимда география фанини ўқитиш методикаси (методик қўлланма). –Тошкент: 2020.
3. Соатов А., Абдулқосимов А., Миракмалов М. География (материклер ҳәм океанлар тәбийий географиясы). –Т.: 2017.



**РЕЗЮМЕ**

Ушбу мақолада педагогик технология ва интерфаол методлар ҳақида назарий ва амалий маълуматлар берилган. Интерфаол методлар орқали география дарсларида ўқувчиларнинг билим, кўникма ва малакала компетенцияларини шакллантириш усуллари келтириб ўтилган.

**РЕЗЮМЕ**

В данной статье представлены теоретические и практические информации о интерактивных и педагогических технологиях. Приводятся методы для формирования компетенции такие как знание, умение и навыки с помощью интерактивных методов на уроках географии.

**SUMMARY**

This article is about the theoretical and practical information about interactive and pedagogical technologies. The techniques for the formation of competence are given, such as knowledge, ability and skills by using interactive methods in geography lessons. The article analyzes the advantages of pedagogical technologies and the use of interactive methods in geography lessons.


**UDK: 138.37**

## TALABALAR MUSTAQIL TA'LIMINI TASHKIL ETISHDA BLENDED LEARNING TEXNOLOGIYASIDAN FOYDALANISH SINOV-TAJRIBA ISHALARI

**I.Yu.Madatov** – *mustaqil izlanuvchi*
*Samarqand davlat universiteti*

**Tayanch so'zlar:** an'anaviy ta'lim, model, blended learning, aralash ta'lim, elektron ta'lim, on-line muloqot, virtual sinf, faol talaba, texnologiya, kompyuter.

**Ключевые слова:** традиционное образование, модель, смешанное обучение, смешанное образование, электронное обучение, онлайн-общение, виртуальный класс, активный ученик, технология, компьютер.

**Key words**: traditional education, model, blended learning, mixed education, e-learning, online communication, virtual classroom, active student, technology, computer.

Tajribalar shuni ko'rsatadiki, talaba mustaqil ravishda shug'ullansa va o'z ustida tinimsiz ishlasagina bilimlarni chuqur o'zlashtirishi mumkin. Talabalarning asosiy bilim, ko'nikma va malakalari mustaqil ta'lim jarayonidagina shakllanadi, mustaqil faoliyat ko'rsatish qobiliyati rivojlanadi va ularda ijodiy ishlashga qiziqish paydo bo'ladi.

Talaba mustaqil ishi (TMI) - muayyan fandan o'quv dasturida belgilangan bilim, ko'nikma va malakaning ma'lum bir qismini talaba tomonidan fan o'qituvchisi maslahati va tavsiyalari asosida auditoriya va auditoriyadan tashkarida o'zlashtirishga yo'naltirilgan tizimli faoliyatdir.

Talabalar mustaqil ishlarining shakli va hajmini belgilashda quyidagi jihatlar e'tiborga olinishi lozim:

- o'qish bosqichi;
- muayyan fanning o'ziga xos xususiyati va o'zlashtirishdagi qiyinchilik darajasi;
- talabaning qobiliyati hamda nazariy va amaliy tayyorgarlik darajasi (tayanch bilimi);
- fanning axborot manbalari bilan ta'minlanganlik darajasi;
- talabaning axborot manbalari bilan ishlay olish darajasi.

Mustaqil ish uchun beriladigan topshiriqlarning shakli va hajmi, qiyinchilik darajasi semestrdan-semestrga ko'nikmalar hosil bo'lishiga muvofiq ravishda o'zgarib, oshib borishi lozim.

Biz tajriba o'tkazish uchun Samarqand davlat universiteti Pedagogika fakulteti Pedagogika va psixologiya yo'nalishi talabalarining "Pedagogika nazariyasi va tarixi" fani doirasida mustaqil ta'lim olish ko'nikmasini aniqladik.

Namumaviy va o'quv rejasi bo'yicha Pedagogika nazariyasi va tarixi faniga 2018-2019 o'quv yilining I semestri bo'yicha jami 156 soat ajratilgan bo'lib shundan, 20 soat maruza, 40 soat amaliy, 96 soat mustaqil ta'lim uchun rejalashtirilgan.

O'zbekiston Respublikasi Prezidenti Sh.Mirziyoyevning 05.06.2018 yildagi PQ – 3775 sonli **"Oliy ta'lim muassasalarida ta'lim sifatini oshirish va ularning mamlakatda amalga oshirilayotgan keng qamrovli islohotlarda faol ishtirokini ta'minlash bo'yicha qo'shimcha chora-tadbirlar to'g'risida"** qarori bo'yicha ishlab chiqilgan yangi nizom bo'yicha 2018-2019 o'quv yilidan boshlab qabul qilingan 1-kurs talabalariga haftasiga 5 kunlik dars mashg'ulotlari o'tkazilishi va 1 kun talabalarning mustaqil izlanishlari uchun ajratilgan bo'lib, talaba mustaqil izlanishga vaqtini samarali sarflashi va o'z ustida yanada ko'proq ishlashi uchun joriy qilingandir.

Shuni o'zi ham talabalarda mustaqil ta'lim olish jarayoni, adabiyotlar bilan ishlash, vaqtni teng taqsimlash kabi masalalarga aloxida e'tibor qaratilishi lozimligini ko'rsatadi.

Blended learning (aralash ta'lim) kopsepsiyasi doirasida pedagogika nazariyasi va tarixi fanining mustaqil ta'limga ajratilgan soatlarini o'zlashtirish, pedagogika tarixi va nazariyasi fanini kengroq va chuqurroq o'rganish maqsadida biz dissertatsiyaning amaliy natijasi sifatida "Pedagogika" deb nomlangan mobill dastur (ilova) yaratdik ushbu dastur orqali o'rganilgandan keyin olingan natijalardan avval talabalarda mustaqil ta'lim olish konikmasini aniqlab olamiz.

Biz oliy ta'limning pedagogik ta'limi yo'nalishida pedagogika nazariyasi va tarixi fani bo'yicha talabalarning mustaqil ta'lim olish faoliyatini tashkil etish va boshqarish texnologiyasi samaradorligini aniqlash maqsadida ishlab chiqilgan uslubiy ishlanmalar asosida 2018-2019 yillarda Pedagogika fakultetini «Pedagogika va Psixologiya» yo'nalishida pedagogik tajribalar o'tkazdik.

Tajriba-sinovlar bevosita fakultetda talabalar bilan ta'limining tabiiy sharoitlarida olib borildi. Pedagogik tajri-